



# Gid Debaz sou Tribinal Imigrasyon

Haitian Creole | Kreyòl ayisyen

Nan **tribinal imigrasyon** an, w ap gen opòtinite pou defann dosye w devan yon jij imigrasyon epi montre poukisa yo ta dwe pèmèt ou rete Ozetazini. Si ou pèdi dosye w nan tribinal imigrasyon an, ou ka depoze yon apèl.

## Ou ka depòte, si:

- ou pèdi nan tribinal imigrasyon an epi ou pa fè apèl,
- ou fè apèl epi ou pèdi.

## Ki moun k ap nan tribinal imigrasyon an?



- Pral gen yon **Jij Imigrasyon** ki pral deside si yo pèmèt ou rete Ozetazini.
- Pral gen tou **yon avoka** ki travay pou gouvènman an. Travay li se reprezante gouvènman Etazini an. Li pa travay pou ou.
- **Si ou gen yon avoka**, li toujou gen dwa prezan avèk ou nan sal tribinal la, epi li ka rele w epi vin vizite w.

**Sonje :** Gouvènman an pap bay ou yon avoka, men ou ka anboche yon avoka pou reprezante ou nan tribinal la.

## Tcheke Dat Odyans Tribinal Imigrasyon Ou

- Pou tcheke dat odyans ou, w ap bezwen nimewo A ou a (egzanp : A 000-000-000). Gouvènman an bay nimewo sa a, epi li parèt sou dokiman imigrasyon yo.
- Ou ka tcheke enfòmasyon konsènan odyans ou a lè w sèvi ak Sistèm Enfòmasyon Otomatize sou Dosye. Men de (2) fason pou fè sa:
  - Rele Liy Dirèk la nan 1-800-898-7180. Antre nimewo A ou a epi swiv enstriksyon operatè a.
  - Vizite paj entènèt la: <https://acis.eoir.justice.gov/en/>. Tape nimewo A ou a nan bwat rechèch la epi klike sou "Enter."



# Gid Debaz sou Tribinal Imigrasyon

Haitian Creole | Kreyòl ayisyen

## Chanje odyans an pèsòn pou yon odyans vityèl oswa pa telefòn

Si ou vle chanje odyans tribinal imigrasyon ou ki fèt an pèsòn pou yon odyans sou entènèt oswa pa telefòn, ou dwe depeze yon demann fòmèl devan tribinal la. Li enpòtan pou soumèt demann lan pi bonè posib anvan pwochen dat odyans lan. Lè w ap fè sa, sonje **konsilte yon avoka**



- Konsèy legal ta dwe soti nan men yon avoka, ki ka ede w prepare epi depeze dokiman ki nesèsè yo kòrèkteman.
- Ou pral bezwen depeze yon Motion to Change Hearing Format devan tribinal la. Jij imigrasyon an pral revize demann lan epi l ap fè w konnen, ou menm oswa avoka w, desizyon an.
- Si yo apwouve demann lan, odyans lan ap fèt sou entènèt; si yo refize li, odyans lan ap rete an pèsòn.

## Jwenn Repezantasyon Legal

Nan dènye mwa yo, gen rapò ki montre gen aktivite ranfòsman lwa imigrasyon andedan tribinal imigrasyon yo. Ou ka vle gen yon plan pare an ka yo ta kenbe w. Si ou gen kesyon, pale ak yon avoka.

**Pou jwenn èd legal sou imigrasyon gratis epi konfidansyèl, rele Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon MOIA a:**



**1-800-354-0365**

Lendi rive Vandredi, 9AM pou 6PM [Gen sèvis entèpretasyon ki disponib](#)

Chak tribinal imigrasyon gen yon lis founisè sèvis legal sou imigrasyon ki gratis oswa a pri ba nan zòn ki toupre a.

Eskane kòd QR la pou chèche davans lis òganizasyon legal sou imigrasyon ki gratis ki toupre tribinal ou a, oswa vizite:  
[www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers](http://www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers)

